

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan padika atawa métode panalungtikan nu ngajéntrékeun ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) data jeung sumber panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data pangumpulan data, jeung (5) téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Ieu métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun (1) pola paguneman anu ngandung unsur prinsip rempug jukung, jeung (2) maksim nu aya dina omongan nu ngandung prinsip rempug jukung. Anapon ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif lantaran nilik kana data nu aya tina novél sifatna déskriptif pikeun maham makna, kontéks nu leuwih teleb ngeunaan hiji omongan.

Nilik kana pedaran anu didadarkeun di luhur ngeunaan pamarekan jeung métode, butuh hiji hal anu bisa méré gambaran anu jéntré ngeunaan kumaha kagiatan anu bakal dilakonan ka hareupna, ku kituna aya desain panalungtikan bisa mantuan ieu hal. Desain panalungtikan nyaéta pedaran anu eusina sacara umum ngeunaan léngkah-léngkah atawa proses anu bakal dilakonan ku panalungtik nalika panalungtikan lumangsung. Kituna, léngkah-léngkah ieu panalungtikan nyaéta 1) Néangan jeung niténan pasualan ngeunaan prinsip rempug jukung; 2) Ngumpulkeun data tina objék panalungtikan nyaéta paguneman nu aya tina novel *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto. Data anu dikumpulkeun ngagunakeun kartu data digital salaku instrumen panalungtikan; 3) Data anu geus kapanggih dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah; 4) Nganalisis data; 5) Ngajéntrékeun data anu geus kapanggih sacara jéntré dumasar kana rumusan masalah. Desain ieu panalungtikan bisa digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1: Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.2.1 Data Panalungtikan

Data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téks omongan nu ngandung prinsip rempug jukung dina novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto. Conto data omongan:

“Moal dicarékan mah. Ngan teu énak wungkul. Bapa urang can cageur bener, Dan,” témbal Bagas. (LDPL/18/23)

Ieu omongan kaasup kana maksim jumlah lantaran nuduhkeun kalimah anu dikedalkeun ku panyatur kudu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna atawa anu dipikabutuh ku pamiarsa.

3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Data anu kapanggih dicangking tina sumber data. Nurutkeun Arikunto (2010, kc.171) nétélakeun anu disebut sumber data nyaéta asal usul anu dicangking ku panalungtik ngeunaan subjek ti mana data dimeunangkeun. Sumber data ieu panalungtikan nyaéta novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto. Novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto mangrupa wedalan PT Dunia Pustaka Jaya. Citakan munggaran, 2024. Ieu novél ngawengku tilu belas bagian kalawan kandelna 78 kaca. Ukuranana nyaéta Panjang 20,9 cm jeung lébar 14,5 cm.



Gambar 3.1: Novél *Lapang di Pasir Leutik* Karya Agus Sugianto

Éta novel téh diwangun ku tilu belas épisode, nyaéta (1) Saréngsé Curak, (2) Tumpeng dina Nyiru, (3) Shutle Kock Urut, (4) Anco, (5) Ngiuhan dina Émpéran Warung, (6) Tangkal Kérsen di Sisi Walungan Bondét, (7) Rakét tina Kai, (8) Maén Pinuh Kabungah, (9) Bang Talapi, (10) Sang Karéta di Kajauhan, (11) Lapangan di Pasir Leutik, (12) Indonésia Raya, (13) Imah Anyar Aki.

3.2.3 Tingkesan Carita

Novél *Lapang di Pasir Leutik* galur caritana maju mundur lantaran nyaritakeun kajadian Bagas budak asal pasisian anu resep bulu tangkis. Karesepna tuluy nambahan saprak panggih jeung Dani, batur sakelasna. Bagas téh boga karesep kana olah raga bulu tangkis tapi karesepna ieu aya kahalang lantaran Bapana bagas anu keur gering, nu antukna bagas teu bisa maén badminton kusabab kudu mantuan Indung ngurus bapana nu keur gering. Hiji waktu waktu kaayaan kulawarga Bagas keur kurang, nu ngabalukarkeun Bapana Bagas kudu ngajual béca padahal ieu béca téh pakasaban Bapana Bagas, atuh akhirna mah Bapana pindah pakasaban jadi tukang masang anco paranti ngala lauk. Ku sabab Bagas mah budak nu bageur, Bagas mantuan Bapana ngajual lauk nu mana nalika ngajual lauk manéhna papanggih jeung hiji Aki-aki ningali warugana, Bagas ngarasa karunya nu ahirna lauk téh diberekeun ka si Aki.

Hiji mangsa Bagas papanggih deui jeung si Aki, Bagas téh keur ulin bulu tangkis sorangan si Aki ningalieun bagas nu ahirnamah Bagas di ajarkeun sababaraha téhnik ku si Aki, saprak tidénja Bagas jadi sumanget deui ngajalankeun karesepna tina widang bulu tangkis tur di béré panepak ogé ku si Aki.

Nalika jam istirahat Dani jeung Bagas keur ngalobrol, Dani meunang kertas salembaran anu eusina nyaéta informasi kagiatan O2SN. Nalika dibaca éta salembaran téh Dani rada kuciwa lantaranana cabang olahraga anu ditandingkeun téh euweuh bulu tangkis tunggal, aya ku ayana malah kudu ganda. Bagas jeung Dani handeueul soalna teu bisa miluan pertandinganna. Sabalikna, sakola Dani jeung Bagas ngala lauk sajeroning rèk balikkeun papanggih jeung Aki, Dani jeung Bagas nyarita ka Aki perkara O2SN, ku s aki dititah miluan sok sanajan bulu tangkis ganda tapi Dani nolak lantaran teu biasa lamun kudu ganda. Antukna, Aki nitah Dani jeung

Bagas nuturkeun Aki nu rèk ka pasir leutik. Diditu Dani jeung Bagas diajarkeun ku Aki carana maèn bulu tangkis ganda. Latihanna teu sia-sia maranèhna duaan jadi tim anu kompak. Taya nu nyangka tina hobi ahirna jadi préstasi. Bagas jadi juara turnamén badminton. Horéng pangna Bagas juara téh, lantaran jasaana Aki Husén nu semu misterius.

Ieu novel jadi alur mundur téh lantaran Mas Andi ngadongéng hiji pamaén bulu tangkis anu laus pisan tapi si tokoh éta ngaleungit pas aya kajadian longsor di sabudeureun gedong olah raga, nu mana si tokoh éta téh Aki Husén nu baheula leungit pas kajadian longsor.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Tina lumangsungna proses panalungtikan tangtuna kudu runtut atawa sistematis. Di jero panalungtikan ngeunaan masalah-masalah anu karandapan ku hiji panalungtik bisa waé kahontal bisa waé teu ka hontal, ieu hal kudu bisa dipikanyaho kalawan gemet sangkan bisa kapanggih bongbolongna. Hartina, hiji panalungtikan ngabutuhkeun alat ukur nu digunakeun salila lumangsungna panalungtikan. Alat ukur panalungtikan ieu mindeng disebut instrumén panalungtikan (Kurniawan, 2021, kc. 1).

Sugiyono (2017, kc. 102) nétélakeun alat ukur panalungtikan atawa instrumén panalungtikan mangrupa salah sahiji alat pikeun ngukur sarupaning hal boh fénoména alam boh sosial anu ditalungtik. Instrumén panalungtikan ogé miboga fungsi pikeun ngarojong panalungtikan nalika panalungtik ngumpulkeun data. Anapon instrumén tina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data digital. Ieu kartu data digunakeun boga tujuan sangkan data anu geus dimeunangkeun ku panalungtik babari diolah, leuwih sistematis, leuwih lengkep, tur leuwih taliti. Kartu digital anu digunakeun saperti dina tabél 3.1.

Tabél 3.1 Kartu Data Digital Omongan dina Wangun Paguneman

No. Data	Data Paguneman	Kode Data
P. 001	(O. 001) (O. 002)	(LDPL/kc. /br.)

Katerangan:

P. 001 : Paguneman no. 001

(O. 001) : Omongan no. 001

LDPL : Judul novél nyaéta *Lapang di Pasir Leutik*

kc. : kaca

br. : baris

Dumasar kana kartu data digital di luhur, tuluy disusun format analisis data Pola Paguneman anu ngandung prinsip rempug jukung.

Tabél 3.2 Kartu Data Digital Pola Paguneman anu Ngandung Prinsip Rempug Jukung

No	No. Data	Data Paguneman	Pola Paguneman	Kode Data
1.	P. 001	(O. 001) (O. 002)	Pola I P RJ → (A-B)	(LDPL/kc. /br.)

Katerangan:

1 : Nomer

P. 001 : Paguneman no. 001

(O. 001) : Omongan no. 001

Pola : Pola Paguneman

A : Palaku ka hiji

B : Palaku ka dua

LDPL : Judul novél nyaéta *Lapang di Pasir Leutik*

kc. : kaca

br. : baris

Heru Saefudin Nurkisman, 2025

PRINSIP REMPUK JUKUNG DINA NOVÉL LAPANG DI PASIR LEUTIK KARNA AGUS SUGIANTO
(ULIKAN PRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

P : Paguneman

RJ : Rempug Jukung

Dumasar kana kartu data digital di luhur, tuluy disusun format analisis data Pola Paguneman anu dipasing-pasing dumasar kana polana.

Tabél 3.3 Kartu Data Digital Papasingan Pola I P RJ → (A-B)

No	No. Data	Data Paguneman	Kode Data
1.	P. 001	(001) (002)	(LDPL/kc. /br.)

Keterangan:

1 : Nomer

P. 001 : Paguneman no. 001

(O. 001) : Omongan no. 001

LDPL : Judul novél nyaéta *Lapang di Pasir Leutik*

kc. : kaca

br. : baris

Dumasar kana kartu data digital di luhur, tuluy dianalisis kana papasingan wanda prinsip rempug jukung.

Tabél 3.4 Kartu Data Digital Papasingan Prinsip Rempug Jukung

No Data	Data Paguneman	Prinsip Rempug Jukung						
		MJ	MI	MK	MC	MCR 2	MCR 3	MCR 4
P.001	(O. 001)			✓				
	(O. 002)			✓			✓	

Keterangan:

P. 001 : Paguneman no. 001

(O. 001) : Omongan no. 001

MJ : Maksim Jumlah
 MI : Maksim Inajnéen
 MK : Maksim Kasaluyuan
 MC : Maksim Cara
 MCR 2 : Maksim Campuran 2

Dumasar kana kartu data digital di luhur, tuluy disusun format analisis data maksim campuran rempug jukung anu dipasing-pasing dumasar kana wanda campurana.

Tabél 3.5 Kartu Data Digital Papasingan Maksim Campuran Rempug Jukung 2

No	No. Data	Data Paguneman
1.	P.001	(O. 001)

Keterangan:

1 : Nomer
 P. 001 : Paguneman no. 001
 (O. 004) : Omongan nomer (001)

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara-cara atawa léngkah-léngkah anu dilakonan ku panalungtik nu paling stratégis tina lumangsungna proses panalungtikan. Sugiyono (2017, kc. 224). Nilik kana udagan utama ieu panalungtikan téh nyaéta meunangkeun data, tangtuna panalungtik anu teu ngarti kana téhnik ngumpulkeun data moal bisa nyangking data anu dibutuhkeun. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka.

Téhnik studi pustaka nyaéta téhnik anu eusi kagiatanna maluruh, maham, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya hubunganna jeung panalungtikan nu keur dilaksanakeun. Téhnik ngumpulkeun data anu dilakukeun tina ieu panalungtikan ku

cara maca sumber data nyaéta novél *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto kalawan dibarengan ku data-data lianna anu patali jeung panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina panalungtikan dilaksanakeun saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data nu baris ditalungtik, nyaéta novel *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.
- b. Maca sagemblengna novel *Lapang di Pasir Leutik* karya Agus Sugianto.
- c. Nyirian data anu kaasup pola paguneman jeung wanda maksim prinsip rempug jukung.
- d. Nyalin data kana kartu data digital.
- e. Ngadaptarkeun jeung ngaruntuykeun paguneman.
- f. Nitenan data anu geus kakumpul.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Saréngséna data anu rék ditalungtik geus kacangking, ieu data téh diolah. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung tina wacana paguneman anu geus dicutat. Ari anu disebut analisis wacana nyaéta salah sahiji cara pikeun mikanyaho maksud atawa pesen anu nyangkarung tina hiji wacana. Unsur anu dianalisis nyaéta pola paguneman anu ngandung prinsip rempug jukung jeung wanda maksim prinsip rempug jukung. Ari léngkah-léngkah tina nganalisis datana saperti di handap ieu:

- a. Niténan deui data paguneman nu geus dikumpulkeun tina kartu data.
- b. Nyieun papasingan data dumasar kana (1) pola paguneman anu ngandung prinsip rempug jukung, (2) wanda maksim prinsip rempug jukung.
- c. Nganalisis data paguneman dumasar kana kartu data digital.
- d. Ngajéntrékeun data paguneman anu geus dianalisis dumasar kana kartu data digital.
- e. Napsirkeun jeung nyindekkeun prinsip rempugjukung dina novél *Lapang di Leutik* karya Agus Sugianto.